

**Iléus PAPILLON**

*VÈ-KASE*

**NANM KITEM'**

Mwen kwaze ak rèv la  
Nan mitan yon jou kap flannen nan dezè  
Li gadem li koupem kout je  
Mwen kwaze ak nanm mwen  
Nan chimen jennen  
Li kalonnenm' ak wòch...  
Cheri depi jouw kitem  
Nanm mwen banm dofasdo

## **LANNUIT**

Lannuit lèm wèw

Rèv la fonn nan menm'  
Tankou desten powèm nan  
Ou louvri kòw devanm  
Tout anvim kouri kache  
Byen lwen nan fant kòw  
Cheri Kitem' wèw nan rèv toutan  
Kitem'renmenw nan jew  
Lè yo poko lave lemanten  
Se nan gagèw' pou kòk mwen bat  
Kitem'renmenw sanw pa konnen  
Kitem renmenw pou konnenw  
Kitem renmenw jouk mwen kriye  
Ma kriye nan powèm nan  
Dlo jem' a bay sounami devanw  
M'ap renmenw menm siw pap janm renm

## **PASYON**

Se je nou ki mange kò nou  
Kifè powèm nan kanbwal

Demen, nou pral' mande eskiz  
Pou lang nou ki te fè  
Filalang devan moun  
Yo fè nou pote kè nou  
Nan de plamenn'  
Pou nou ka konte sèkèy  
Nou keyi dlo nan papòt kè  
Vil la son malad ki tonbe malad

## **IMAJ NANM**

Mwen bwè tout kòm  
Pou kache kout dwèt tan  
K'ap grandi nan kèm'  
M' kanpe byen lwen

M' ap gadem k' ap danse  
Nan mitan jem'  
Rèv mwen  
Se rèv rèv  
Ki bloke nan vant lannuit  
Se lannuit k' ap bouyi nan chodyè trip  
Rèv mwen se Pòtoprens  
ki marye tèt li ak yon lot Pòtoprens  
Son vil k' ap ri  
Nan miltiplikasyon kadav  
Kadav pouri  
Kadav chode nan san  
Isit se rat k' ap manje kadav  
Nou karese silans je fèmen  
N' ap fè biyografi mòn kap griyen dan  
Nou pito gouye ak van  
Nou gouye ak san  
Pou nou gwòs vil la  
Epi vil la gwòs lanmò nan tout kòl'

## **LARI PÒTOPRENS**

Nan lari Pòtoprens

Lanmou ak lanmò mache pyeatè

Chak jès fanm...

Son larivyè sanfas ki desann nan kè

Epoutan lavi pidous ak fanm

Sitou nan yon vil k'ap dòmi reve santiman...

Cheri l'èm' kole avèw'

Ou fèm vale vant mwen ragòj

Ou fèm'pèdi grenn jem'

Nan chèche mo

Pou kalifye w'nan powèm nan

Ann fon revolisyon

Ann sispann fè lagokache

Ann sispann pran lang

Filèl' lanvè landwat pou fè manti

Ann fon revolisyon

Nou pral tanmen fè lanmou ak sign

**ANMWE**

M'fè djòlè pou ou

Nan tout rakwen

San konnen raje te gen zòrèy  
M' fè djòlèw pou trè chivew  
M' feè djòlè pou vitès renw  
Epi gade konea  
Men y' ap fè djòlè sou mwen

## **12 KALANDRIYE LANMÒ**

Dat ki kraze rèv myèt mytèt  
Dat toutouni ki pa kenbe pipi  
Jou san koulè ki boule ranyon kè

Jou kifè nanm kite kò,  
kò likide nanm  
Pou kontwole latè k'ap gouye  
12 janvye apèn pouse dan  
Li grandi nan diskou sousèt  
Li rale wonfle prèske pete  
12 janvye takle lannuit nou  
Pou rèv pete kouri  
Dat ki mande san gonm  
Ki fè moun chanje kas  
Moun sote klas  
moun boukante plas  
Klas kraze taklas nan gouyad sosyal  
Gouyad van  
gouyad latè wòdpòte  
12 dat maloje  
dat gwo dan-je  
si se konsa  
Nou fenk kare pentire memwa



sakbwe dlo je yo nan 12...

Dat san manman kipa konte kòm pitit

Dat letènite pa bay batistè ni siyati

12 se dat ki foure kòl

Tou louvri nan patriwàn malè nou

Pou likide kò nan chodyè lenfini

Dat ki depatcha konsyans

Fiziye diyite

Dat ki louvri kwi pòtrè triyang bèmid

Dat ki pral ankadre tankou limyè

Tankou lisans ak diplòm

12 janvyè akouche yon montay

projè kakarat dèbwèt

Anverite... si se konsa n'ap konte kadav

Onore dat nan aprann konte gout san

Nan venn kadav

Nou fenk tanmen aprann konte

Nan nan kalandriye lanmò

## **ATANSYON MESYE**

Pa vin tchake lang lan

Ni vin kraze nanm nèg

Ak gwo sapat-blanch

Ni gwo sabo lenvizib

Se lanmè k' woule ki fèn' vin isit

M' bouke wè granmoun

K'ap kriye pou manje timoun  
Granmoun rele pou manje timoun  
Nou bliye  
Si latè pagen siyati

## **LAPONYÈT**

Jounen an fèm babay sou vizaj ou  
Tout zetwal kase nan jew'  
Lannuit pidous lèm kwazew nan rèv  
Banm voye wòch dèyè lonbray  
mwen k'ap fèm grimas  
pou fèm'bliyew'  
Edem' voye wòch dèyè syèl

Edem cheri  
Men yon fènèt ouvri nan kèm  
Grenn jem' dekouvri yon peyi  
Yon peyi k'ap kouri kache nan fant kòw  
Banm la ponyèt  
Poum' karyonnen lonbray mwen  
Siw pa banm la ponyèt  
M'ap rete mòlòlò !

## **REKONSILYASYON**

Ou viv avèm tankou  
Vag k'ap niche plaj  
Ou viv avèm tankou  
Mwen avòw se lannuit ak lajounen  
Ou viv avèm tankou pòtoprens  
K'ap reve lanpadè ak gazon  
Ou efase imaj mwen  
Nan miwa kèw

Pousyè pa rete

Bon cheri sa wap fèm konsa ?

Siw kite van fin tenyen chandèl mwen

M'ap fon manifestasyon

Jouk atanw tounen akenm

## **BÒ KOTEW'**

pou Destie, yon solèy k'ap mache sou tè

Lèw bò kotem'

M' pran sant lanmò

M' pran sant lanmou

Lew bò kotem'

Chak très chivew

Tounen fil venn nan kò

Pou file lesprim

Lèw bò kotem' manvi vote

M anvi lote

Pwent tetew grenn pa grenn

Lèw bò kotem'

M' pèdi tout chans pawòl

Pou gwòs powèm nan

Lèw bò kotem

M'pèdi gou bouch mwen nan bouch ou

Lè w' bò kotem'

Syèl danse

Zetwal bat bravo

Pou aplodi botew

Lakansyèl fè eskal

Pou gadew k'ap teke pa ak lorizon

## **VIZA**

Aswè a peyi pra'l flannen

Map veye chak segonn

Syèl la pral woule tete latè,

Lè zetwal yo antre anba dra

Lè tout timoun ap dòmi,

Lè limyè koukouy tenyen

Anba kafe nou...

Lè tout granmoun pran wonfle

Rebanm viza cheri tanpri !

rebanm li...

kitefenèt ou louvri

pou m'vin bouske chalè kòw

Lè wap transpire

Renouvle paspòm cheri

Poum pa dòmi deyò

## **RETROVIZÈ KÈ**

Depi lannuit fin manje rèv nou

Vil la sispann souri

Nuit yo kraze ze lajounen

Timoun sispann jwe ak tè

Tout jwèt se jwèt klekou

Jwèt gwo wòzèt anba kè

Lè konsa se anba zèsèl latè m' ta rete

Poum' chèche chans

Chans libète kap kouve

Nou fe tankou nou pa wè

Si se nan fè kolè malouk

Fè gwo san pou granmesi



Envite chen manje sou tab  
Fè bourik domi nan chanm  
Woule tete pinèz  
Ki koz yo vann retrovizè kè nou

## **LIBÈTE NAN PRIZON**

Jou m'al nan prizon  
Pa jijem' pa liberem'  
M' pa vle kenn moun fèm' gras  
Pa pran avoka pou mwen  
Se mwen k' pou soti pou kòm'  
Lèm' pran prizon  
Pèsòn pa bezwen foure bouch  
Kitem' nan detansyon prolonje  
Lèm' pran prizon  
Pa okipem'  
M' ap tann latè souke renl'  
Poum tronpe vidilans wouzi

## **PASTAN**

Se nan rèv nou te kwaze

Lonbray ou te mare nanm mwen

Depi jou sa ou joukem' nan palèw

Men cheri

Cheri ou pa bank

Ou pa imigrasyon

Ou fèm fè twòp tan kanpe devanw

## **BENGN SAN**

Vil la pagen douch

vil la pagen bouch

yo dil' gen larivyè

Chak jounen lannuit ponn nan grenn jen'

Moun ap benyen nan san

San pou san

## **OTOPSI**

Souf moun koupe ak pawòl

Jistis te nan dòmi lit a reve

Demen konl'fè jou

Nou tout ap pran kannòt...

Epi nou pwal rale paye nou pou nou pale

Ankèt naje sou vag

Moun deyò vini pòtre van

Yo benyen nan lanmè

Yo manje pwason ak lanbi

Yo pran flanm

Yo pran fanm tou

Yo menm kòmanse aprann fouye tanbou

Pandan jen' fèmen n'ap graje gita

Chak mò simityè vale

N'ap tann rezilta otopsi

## **DEFI**

Latè chavire fas ba nan lesprim'

Lè m' kwaze avè w'

Lari Pòtoprens cho anba pyem'

Ou ta di platin k'ap tann farin manyòk

Cheri souple mwen akow

Ann bale vil la

Ann bale Pòtoprens cheri

Pou lanmou nou pa grandi kwatchòkò

Siw kitem' renmenw nan koulè vil sa

Lanmou nou ap mouri mò sante piblik

## **SE PAM'**

M blennde tout kòm

Nan demenm...

M' pote vant mwen sou tèt mwen

Pou m' akouche yon powèm

Yon powèm dan griyen

Tout sam blende nan kòm'

tounen yon lòt mwen menm

**PWENT**

Yon koulèv landòmi  
Jouke nan renw  
Ou jwe gitaw tèt anba  
Tout nòt ou teke  
Sonnen tankou pwent tetew'

**WOLOLOY**

Maladi a debake sou nou

Tankou pousyè nan nen moun fou  
Maladi a plonje sou nou  
Nou pa konn ki wout li pase  
Nou pa konn  
Si se nan van  
Si se nan dlo  
yon sèl bagay nou konnen  
Moun ap chèche papye  
pou konte kadav

**ANMWE... KADAV !!!**

Nou vale tèt nou ak tout plim  
Paj rèv nou chire nan liv lannuit



Dòmí nan jen' deprograme  
Vil la pete kouri dèyèn'  
Pòtoprens ap voye wòch  
Kout wòch adwat kout wòch agoch  
Vil la gròs nan je  
vil la gròs nan do  
Vil la dobosi  
vil la BLAN  
vil nwa  
Vil la ap graje manyòk  
Peyi a kouri ak kadav nan pòch li  
Kadav nan tèt  
Kadav nan van  
Kadav peyi a mi soupye  
Kadav la degrennen  
Kadav yo deplimen  
Kadav yo fè grenn  
Kadav ap fen' grimas  
Vil la ap konte kadav

Vil la ap fè pas ak mò  
Pòtoprens ap konte kadav  
Kadav solèy ki mare konstitisyon  
Kadav zetwal kap peze libète  
Kadav nou touche syèl  
nan vil Pòtoprens mò pè mò  
kadav pote kadav  
Kadav konsyans ki peze demokrasi  
Kadav peyi ki pa konn konte

Kadav pawòl simityè mete deyò  
Vil la nan sezaryèn  
Vil la pouri  
Vil la ap gadem' l'ap ri  
Vil la nouri nan san

Vil la maloje  
Vil la boule memwa  
Istwa peyi a fonn debout  
Bout anwo  
Bout anba  
Vil la detounen timoun  
Vil la detronnen granmoun  
Depi m' gade Peyi a  
M'ta fout Pòtoprens gwòs

## **VIZIT**

M' pral nan solèy al bouske flè  
Pou simen nan tout fant kòw  
M' pral bouske flè *Madlèn*  
Flè choublak  
Ak tout kayte flè ki donnen lanmou

M' pral nan syèl al kouyi zetwal  
Pou asfalte tout kote plant pyew pile  
M pral inonde kèw ak dlo bouch mwen  
Pou fè radmare sou ou  
Se pou lanmouw banm yon klekou  
Marem debwa dèdo Pòtr  
Pou m' bay tout testamanm devanw  
Se pou très chivew mare nanm mwen  
nan poto lespriw' lanmoum' pou ou mi sou pye  
lanmoum' pou ou son vòlkan kaf chofe  
jou l'eklate son katastròf lanmou  
k'ap anvayi kè nou pou fè envazyon militè

## **TRONPRI**

Si se nan lave men nou pral' dekolè  
Nou mèt tanmen rale lanmè  
Douvan papòt nou  
Genlè nou pa wè  
Si vil la karese larivyè tout longè

Vil la dòmi bab pou bab ak dlo  
Pou neye nanm Neye lespri n'  
Jounen jodi se simityè ki chèche chimen kay  
Si se rapò n'ap tann nan men vag lanmè  
Pou n' chanje chimizèt chanje palto  
Nou mèt tanmen rele anmwe  
Jouk nou anwe  
Si se replik sante ki tranble kèn'  
Ki fè n' vale vant nou  
Nou fenk kite tete Manman  
Pou nou tete Tant...

## **SILANS**

Demen maten  
M'ap leve san benyen  
M'ap leve anvan solèy griyen dan  
Pèsòn pa dim' anyen  
Tout moun chita men nan janm  
N'ap fè tankou son vil ki bèbè  
Demen maten anvan solèy fèn' grimas

M ' pral chèche peyi a!

## **ANVI GAYE**

Manvi konnen

Lè yon lougawou bare yon lougawou

Ki lang yo pale kisa ki di

Ki akò ki siyen

Manvi konnen

Pouki nan souke pis anndan prizon

Jefon kouri dlo anvan je kale

Manvi konnen

Lè van soufle laperèz  
Pousyè gaye  
Manje gate  
Ki moun ki lakòz  
Manvi konnen  
Lè dlo desann  
Kè nou neye  
Pye bwa rache  
Syèl la souke  
Latè gouye  
Sante bwè lòk  
Ki moun ki kontan  
Manvi konnen ki jechire  
Ki met linèt pou gade fant kò nou  
Ki moun ki kraze nich trip nou  
Manvi konnen  
Pouki powèm nan tonbe danse  
Sou yon pye san mizik  
Pouki pwezi peze pwezi

Manvi konnen

Pouki pabò isit moun mete van nan boutèy

Pou dirije mach pye lapli

Pouki yo pran lang peyi a

Yo pann rèv nou lòtbòdlo

Manvi konnen

Pouki yo tchake nanm nou jouk nan zo

Pouki isit solèy mouri san antere

Pye mòn tranble

Zwezo pati

Manvi konnen

Ki moun kap dirije van ak loray

Pou pete fyèl anvi m'



## **KOLE AVÈM'!**

Kole avèm cheri

Pou rèv mwen pran fòm

Nan makfabrik souf ou

Ma rejwenn koulè lanvè lesprim'

Kole avèm' cheri

Pou m' dekole nan memwam'

Tout souvni kanni ki mare kèm'

Ma rejwenn fòs sou boulva feblès

Kole avèn m' cheri

Pou lapli sispann mare syèl sou tèt mwen

Doulèm pran chèn nan silans ou

Ou ka wèm' fou nan pwezi a  
Sim' diw' m' pral konte chak mach pyew'  
Poum' pran woulib  
Nan fant janm ou.

**Iléus PAPILLON**

**50937856633**